# Тексты диалога

на тему:

# «Мой взгляд на сохранение родного языка»




*Состовитель: Абакарова Асият К.*

*(учитель родного языка)*

Второе дыхание родным языкам- 2019

Диалог 1 ( Школалда)

- Рорч1ами!

- Рорч1ами!

-Мун щиб миллаталъул кколей ва щиб мац1алда мун к1алъалей?

- Дун йиго маг1арулай ва к1алъала дун маг1арул мац1алъ. Дир улбуцаги бицунеб , эбел- инсуцаги дида малъараб мац1.

- Дуе дурго мац1 бокьулищха?

- Бокьула.

- Дур пикруялда рекъон бугищ маг1арулал цоцада г1урус мац1алъ к1алъалел?

- Гьеч1о, нилъеца нилъерго мац1ги миллатги ц1унизе ккола ва к1алъазе ккола маг1арул мац1алда. Гьанже ругел эбел-эменги лъималги к1алъалел гьеч1о маг1арул мац1алъ ва гьезие бокьулеб гьеч1о маг1арул мац1. Нилъерго мац1 бокьизе ккола ва гьеб ц1унизе ккола.

- Цониги маг1арул мац1алда хъвадарулел рук1арал шаг1ирзаби лъалищ дуда?

- Лъала. Нилъер ц1ар арав Расул Х1амзатов гьес малъулеб буго нилъеда нилъерго маг1арул мац1 ц1унизе ва гьес гьеб цебет1езабулеб бук1ана.

- Гьесул цониги раг1аби лъалищха дуда?

- Лъала. «Метер маг1арул мац1 хвезе батани хваги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагъун» абурал раг1аби рук1ана гьесул. Гьел раг1аби рекъола гьале гьанже бугеб заманалда. Гьев ч1аго вук1аравани гьесул рак1 кьвагъизе бук1ун батила гьанже ругел лъималги гьезул эбел- эменги рихъарабани. Гьез бицунеб г1урус мац1ги, гьез тун бугеб маг1арул мац1ги бихьарабани гьесул рак1 кьвагъизе бук1ун батила.

- Цогиги шаг1ирзаби лъалищха дуда?

- Расул Х1амзатовасул эмен Ц1адаса Х1амзат,Фазу Алиева, Муса Мух1амадов, Мух1амад Гунащев, Мух1амад Г1умаров.

- Гьез цониги маг1арул мац1алде гьабураб кеч1 лъалищ дуда?

- Муса Мух1амадовас хъвараб « Малъе эбел рахьдал мац1 » . Дир умумуз бицараб улбуцаги бицунеб, урхъула духъ авар мац1 малъе эбел рахьдал мац1. Гьал Муса Мух1амадовас хъварал коч1ол раг1абаздаго г1адин дие бокъун буго гьанже ругел улбузда абизе. Малъе лъималазда рахьдал мац1. Г1урус мац1алъ к1алъач1ого т1алаб гьабизе ккола маг1арул мац1алъ к1алъазе. Нилъ маг1арул мац1алъ

к1алъач1они нилъер лъималазда маг1арул мац1 лъазе гьеч1о. Гьанже ругел лъималазе бокьулеб гьеч1о маг1арул мац1алъ к1алъазеги , эбел- инсуеги ц1акъго бокьулеб гьеч1о. Кинабго жо бусинабун буго г1урус мац1алде. Гьединлъидал нилъеца нилъерго мац1 ц1унич1они гьеб гьоркьоса инехъин буго. Нилъеца малъизе ккола лъималазда маг1арул мац1. Нилъеца нилъерго мац1ги миллатги ц1унизе ккола.

- Баркала, къо-мех лъик1!

- Къо-мех лъик1!

Диалог 2

- Рорч1ами!

- Рорч1ами!

- Мун щиб миллаталъул кколев?

- Дун маг1арулав вуго.

- Щайха нилъеда маг1арулалилан абулеб?

- Нилъ муг1рузда г1урал ругелъулха.

- Нилъеда аваралгиян абула . Гьеб щай гьедин абулеб?

- Аваралилан абуларо, авар мац1илан абулаха.

- Дуе дурго мац1 бокьулищ?

- Бокьула . Эбел-инсул мац1 бокьизе ккеларищ дие. Бокьула валаги.

- Гьанже цо-цояз абула маг1арул мац1 лъазе кколарин.

Гьел руго ях1 гьеч1ел г1адамал. Жидер эбел-инсул мац1 лъаларел чаг1и дица г1адамаллъун рик1к1унаро. Рокъор эбел- эменги к1алъалел ратилароха. Маг1арул мац1 лъаларев чи маг1арулав кколаро.

- Баркала, нужее къо-мех лъик1.

- Дуеги баркала, къо-мех лъик1

Диалог 3 ( Садикалда)

- Рорч1ами!

- Рорч1ами!

- Дур рахьдал мац1 щиб?

- Дир рахьдал мац1 ккола маг1арул мац1 дир умумузги бицараб, улбуцаги бицунеб, Дунги к1алъалеб. Гьединлъидал гьелда рахьдал мац1иланги абула.

- Дуе дурго мац1 бокьулищха?

- Бокьула. Дирго рахьдал мац1 бокьизе ккеларищха дие. Дида эбел инсуцаги малъараб ва дицаги бицунеб мац1 бокьич1ого кинаб мац1ха дие бокьилеб?

- Кинаб мац1алъ нуж цоцада ва лъималазда к1алъалел?

- Цоцадаги ниж к1алъала маг1арул мац1алъ ва лъималазда нижеца х1аракат бахъула маг1арул мац1алъ к1алъазе. Маг1арул мац1алъ к1алъач1ого г1урус мац1алъ к1алъани гьезда жидерго рахьдал мац1ги лъалищха. Къват1иса г1ебеде гьезда г1урус мац1 гурони лъалеб гьеч1о. Нижеца рокъоб х1аракат бахъула лъималазда маг1арул мац1алъ к1алъазе.

- Кин дуда кколеб г1ун бач1унеб г1елалъе маг1арул мац1 къвариг1унищ?

- Г1ун бач1унеб г1елалъе маг1арул мац1 къвариг1уна. Гьанже дида бихъулеб буго г1емерал эбел- инсуца абула лъималазда маг1арул мац1 лъазе кколарин ва гьезие маг1арул мац1 къвариг1унарин ва х1аракат бахъулеб буго гьезда бищун т1оцебе г1урус мац1 малъизе. Г1урус мац1 лъималазе къвариг1унарин дица абуларо. Амма гьезда садикалдаги, школалдаги, мультиказдасанги г!урус мац1 лъач1ого хут1уларо. Нилъерго рахьдал мац1 эбел- инсуца рокъоб малъич1они, хадуб гьезда гьеб лъазабизеги ц1акъ зах1малъизе буго нилъее.

- Гьанже ругел улбуца абула лъималазе маг1арул мац1 къвариг1унарин. Гьезул гьеб бит1араб бугищ.

- Гьезул гьебги бит1араб гьеч1о. Лъималазе маг1арул мац1 къвариг1уна школалда гьезда мац1 малъизе ккола. Рокъоб бицунеб гьеч1они школалдаг1аги щайха гьезда мац1 малъизе толареб

- Баркала, къо-мех лъик1.

- Къо- мех лъик1.

Диалог 4 ( Тукада)

- Рорч1ами!

- Рорч1ами!

- Мун щиб миилаталъул кколей?

- Маг1арул миллаталъул.

- Мун рокъойги ва цогидал маг1арулаздаги кинаб мац1алъ к1алъалей?

- Маг1арул мац1алъ.

- Щайха нилъеда маг1арулалилан абулеб?

- Маг1арухъ г1урал ругелъул.

- Бит1араб буго. Гьанже улбуца абула г1ун бач1унеб г1елалъе маг1арул мац1 къвариг1унарин. Гьеб бит1араб бугищ?

- Гьеч1о

- Щай?

- Рахьдал мац1 лъазе ккеларищха

- Нилъер мац1 т1аг1ани щиб лъугьине бугеб?

- Миллат т1аг1инe буго.

- Бит1араб буго. Гьанже нилъер росу цояв Мух1амад Гунащевас абула. – Школалде яч1ун дарсида г1одой йик1инч1ей эбелалъ абулила. Дир яс эркен гьаейила родной языкалдаса. Дуда данде ч1варищ гьединал г1адамал?

- Ч1вач1о.

- Гьеб лъик1 буго . Баркала , къо- мех лъик1

- Дуеги баркала.

Диалог 5 ( Почтаялда)

- Рорч1ами!

- Рорч!ами! Яч1арищ нижехъе, щварищ?

- Щвана. Дие бокьун бук1ана цо к1иго суал кьезе дуе нилъер мац1алдехун хурхараб. Мун кинаб миллаталъулха кколев ва кинаб мац1алда мун к1алъалев?

- Дун вац1адав маг1арулав вуго дир ясай . Дун гьеб мац1алда к1алъазеги к1алъала лъималаздаги лъималазул лъималаздаги.

Лъималазе къвариг1унебдай гьанже маг1арулл мац1? Школабаздаги г1урус мац1 малъулеб буго гьезда ва дарсалги г1урус мац1алда унел руго. Лъазе кколадайха гьезда маг1арул мац1?

- Валлагь лъазе ккола. Т1оцебесеб иргаялда жиндирго рахъдал мац1 эбелалъул мац1 гьеб лъазе ккола. Гьелъухъго дица цинги х1аракат бахъула рокъобги къват1ибги г1урус мац1ги жибго тун маг1арул мац1алда к1алъазе. Лъималаздаги гьеб малъула. Гьеб дие бокьозеги бокьула. Дун къват1иве вахъиндал х1алт1уде унев вугониги Базаралде къват1ив вахъаниги тукабаде аниги дун кидаго к1алъала дида лъаларев чиясда маг1арул мац1алъ. Щай гурелъудал дие бокьула маг1арулал г1емерал рук1ине. Гьеб буго дир жакъа кьоялдаги рек1ел унти.

- Нилъер маг1арулазул ц1ар раг1арав цониги чи лъалищха дуда?

- Валлагь лъалаха. Щай лъаларев? Нилъерго Шамиль Имам, Гъази Мух1амад Х1амзатбег. Цинги гьелдаса хадуб нилъерго Россиялъул бах1арзал: Т1обоев . Цинги нилъерго хъвадарухъаби шаг1ирзаби Расул Х1амзатов, Фазу Г1алиева. Рик1к1ен лъуг1уларо гьезул. Гьединал чаг1и руго нилъер маг1арулал. Дун ч1ух1аравги вуго гьездаса вохаравги вуго. Дунгоги жакъа маг1арулавлъун вати гьебги буго дир к1удияб рохел.

- Гьанже ругел г1адамал г1урус мац1алда гаргадулел рук1инги. Гьединал г1адамаздехун кинаб бербалагьи дур бугеб?

- Бит1араб гьеч1о гьез бицунеб г1урус мац1. Жакъа нилъ ратидал маг1арулаллъун нилъ к1алъазе ккола цоцаздехун маг1арулалъ. Дица гьеб рик1к1уна инсанасул г1елмуялъулъги г1умруялъулъги нахъе ккейлъун

- Дуе баркала, къо-мех лъик1.

- Дуеги баркала , къо- мех лъик1.